



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 98 MILYON DOLA POU FINANSE PLIS PASE 1,000 KAY ABÒDAB NAN TOUT ETA A

Sibvansyon yo kontinye plan san presedan Gouvènè a ki koute 20 milya dola a pou konbat pwoblèm sanzabri a epi kreye lojman bon mache Pou Nouyòkè yo

Pwojè yo pral bay aksè entènèt a bant pasant laj ki abòdab pou fanmi ki gen revni ba yo epi yo reponn ak objektif pou nòm batiman vèt yo ke yo prezante nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te akòde plis pase 98 milyon dola pou kreye 1,054 kay abòdab nan 20 devlopman separe nan tout New York. Finansman sa a pral ede revitalize kominote yo, konbat pwoblèm sanzabri a, ak elaji aksè nan opòtinite lojman abòdab, ki efikas nan enèji.

"Pandan nou ap rebat anba pandemi an, sibvansyon sa yo se prè anplis sou angajman san fay nou an pou asire ke Tout Nouyòkè yo genyen yon kote ki san danje, estab ak afòdab pou yo viv", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou kontinye ap fè investisman sa yo nan lojman ki abòdab epi ki gen sipò nan tout Eta a, nou kapab amelyore lavi fanmi yo pandan nou ap bati kominote ki pi solid, pi devès, ak plis ekita."

Sibvansyon yo te anonse jodi a fè pati Plan Lojman ak Pwoblèm Sanzabri Gouvènè a, ki koute 20 milya dola a, sa ki pral finalman kreye 100,000 inite lojman ki abòdab ak 6,000 inite ki gen sipò. Yo bay finansman atravè demann pou pwopozisyon (Request For Proposals, RFP) Finansman pou Plizyè Fanmi nan Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la, yo te itilize yon pwosesis konpetitif pou akòde Kredi Enpo sou Lojman Revni Ba federal yo ak sibvansyon pou devlopman lojman ki abòdab epi ki gen sipò, pou plizyè fanmi. Ansanm avèk yon 311 milyon dola anplis nan investisman prive, 20 nouvo devlopman yo pral enjekte 409 milyon dola nan depans pou devlopman total nan ekonomi nou yo.

Pwojè sa yo fè avanse tou objektif Gouvènè a pou bay entènèt abòdab pou fanmi ki gen revni ba yo, epi tou fè avanse objektif Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. Devlopman yo pral bay sèvis bann pasant laj gratis oswa bon mache pou lokatè yo epi yo pral devlope yo selon nòm efikasite enèji yo, sa ki ap redwi emisyon kabòn ak depandans de konbistib fosil yo.

Alokasyon jodi a yo genyen ladan:

Rejyon Kapital

- 4.7 milyon dola pou Erie Point nan vil Cohoes nan Konte Albany. Devlopman an pral kreye 40 apatman ak yon pak pòch nan tout uit pozisyon ki dispèse yo. Mwatye nan apatman yo pral konbine avèk sèvis sipò pou fanmi yo ki ap eksperimente pwoblèm sanzabri. HCR la te akòde tou Koupon ki Baze sou Pwojè nan Seksyon 8 la ki pral bay asistans pou lwaye pou uit nan fanmi yo.
- 5.6 milyon dola pou Dominic Hollow Apartments nan vil Ballston nan Konte Saratoga. Batiman an pral ofri 60 apatman ki abòdab avèk 30 kay yo rezève pou moun yo kin nan bezwen sèvis sipò yo.

New York Santral

- 3.8 milyon dola pou Monarch Commons nan vil Cicero nan Konte Onondaga. Pwojè a enplike demolisyon estrikti vakan epi ke yo pa itilize anpil yo ak konstriksyon yon batiman ki gen 50 inite pou granmoun aje ki genyen 55 ane ak plis yo. Yo pral rezève kenz kay pou veteran yo.
- 4.9 milyon dola pou Lojman pou Granmoun Aje Sennett Meadows (Sennett Meadows Senior Housing) yo nan vil Sennett nan Konte Cayuga. Devlopman an pral gen ladan 60 apatman pou granmoun aje ki gen laj 55 ane ak plis avèk 18 apatman yo mete de kote pou granmoun aje ak veteran ki nan bezwen sèvis sipò yo.

Finger Lakes

- 6.1 milyon dola pou Lafayette Apartments nan vilaj Waterloo nan Konte Seneca. Pwojè a pral konvèti yon batiman lekòl istorik ki vakan nan 33 apatman abòdab pou granmoun aje ki gen 62 ane ak plis yo avèk sis kay ki gen sipò pou fanmi granmoun aje yo ki bezwen asistans pou yo viv yon fason endepandan an.
- 5.1 milyon dola pou Huntington Apartments nan vil Seneca Falls nan Konte Seneca. Pwojè reyitilizasyon adaptab la, ki sitiye nan distri anba lavil vil la, pral transfòme yon izin vakan istorik nan 53 apatman avèk 27 inite yo rezève pou veteran ki ap eksperimente pwoblèm sanzabri yo.

Long Island

- 5.6 milyon dola pou Three Mile Harbor nan vil East Hampton nan Konte Suffolk. Devlopman an pral gen ladan senk batiman ki gen estil kay lavil avèk 50 apatman abòdab ak yon batiman kominotè nan yon zòn ki gen aksè ak lekòl ki gen gwo pèfòmans. HCR la te akòde tou Koupon ki Baze sou Pwojè nan Seksyon 8 la ki pral bay asistans pou lwaye pou uit nan fanmi yo.

Mid-Hudson

- 1.5 milyon dola pou Homes for Heroes Veterans Apartments (Apatman Veteran Kay pou Ewo yo) nan vil Orangetown konte Rockland. Pwojè a pral konvèti yon ansyen kazèn Lame pou li vini 14 kay ki gen sipò pou veteran ki ap eksperimente pwoblèm sanzabri yo.
- 4.9 milyon pou The Woods at Pawling nan vil Pawling nan Konte Dutchess. Devlopman an pral genyen ladan 80 apatman abòdab pou revni ki mik pou fanmi yo nan yon zòn ki genyen distri lekòl ki gen gwo pèfòmans.

Mohawk Valley

- 3.2 milyon dola pou Holland Circle Apartments nan vil Amsterdam nan Konte Montgomery. Devlopman an pral prezante 48 apatman abòdab ki gen sèvis sipò pou 27 granmoun ki ap viv avèk maladi mantal.
- 4.6 milyon dola pou Copper City Lofts nan vil Rome nan Konte Oneida. Devlopman pou revni mik, ki miltifonksyon an pral prezante 64 apatman ak espas komèsyal nan redchose a. Devlopman an ke Inisyativ pou Revitalizasyon Anbalavil Gouvènè (Governor's Downtown Revitalization Initiative) a ap sipòte tou a ap kreye yon anbalavil kote moun ka mache pi fasil epi ki pi vibran nan vil la.
- 4.4 milyon dola pou Johnson Park Apartments nan vil Utica nan Konte Oneida. Devlopman sou sit ki dispèse a nan katye Corn Hill nan Utica pral ofri 62 apatman gen ladan 33 pou granmoun aje ak granmoun ki nan bezwen sèvis sipò yo.

Vil New York

- 8.4 milyon dola pou The Hart nan katye Bedford-Stuyvesan nan Brooklyn. Nan kad Inisyativ Vital Brooklyn (Vital Brooklyn Initiative) Gouvènè a, yo pral konstwi The Hart sou pwopriyete lopital ki pa itilize anpil yo epi li pral prezante yon sant pou swen anbilatwa, yon Pwogram pou Pasyan Ekstèn nan Sante Mantal (Mental Health Outpatient Program) ak yon Sant Swen Prensipal ki ap sitiye menm kote a ke One Brooklyn Health System (Sistèm Sante Yon Brooklyn) ap jere a. Batiman an pral prezante tou 57 apatman abòdab ki gen ladan 38 kay avèk sipò pou granmoun aje ak granmoun ki ap viv avèk maladi mantal.
- 7.3 milyon dola pou for Mt. Hope Walton Apartments nan katye Mt. Hope nan Bronx. Batiman an, ki sitiye toupresan Sant Kominotè Mt. Hope la, pral genyen ladan 103 apatman mendèv avèk 16 kay yo rezève pou moun ak fanmi ki ap eksperimante pwoblèm sanzabri.
- 9.1 milyon dola pou Bethany Senior Terraces nan katye Flatbush nan Brooklyn. Devlopman an pral gen ladan 58 apatman pou granmoun aje ki gen 62 ane ak plis avèk 18 apatman yo rezève pou fanmi granmoun aje yo ki nan bezwen sipò pou yo viv yon fason endepandan an.

North Country

- 3.9 milyon dola pou MacKenzie Overlook nan vil North Elba nan Konte Essex. Devlopman lojman abòdab ki gen 60 inite sa a se yon priyorite Plan Estratejik Konsèy Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Council Strategic Plan) la epi yo pral itilize li dabò pou loje tanporèman atlèt kolèj yo ki nan konpetisyon pandan Jwèt Universiade Ivè (Winter Universiade Games) a an 2023 avan li chanje pou li vini yon lojman lwaye ki pèmanan.

Southern Tier

- 3.3 milyon dola pou Carpenter Park Apartments nan vil Ithaca nan Konte Tompkins. Yo pral konstwi devlopman pou revni mik ki gen 42 inite a sou tèren yo pa itilize anpil ki toupresan mache fèmnye yo (farmers markets) epi li pral genyen aksè nan santye bò dlo Cayuga a.
- 3 milyon dola pou Revitalizasyon North of Main nan vil Binghamton nan Konte

Broome. Pwojè sou sit ki dispèse a pral reyabilite sis pwopriyete ak konstwi yon nouvo batiman sou tèren ki vakan pou kreye 23 apatman abòdab.

Rejyon Lwès New York

- 4.7 milyon dola pou West Side Homes nan vil Buffalo. Devlopman sou sit ki dispèse a pral reyabilite de (2) pwopriyete ki egziste ak konstwi 12 nouvo batiman pou kreye yon total 49 apatman. Yo mete sèz apatman yo mete de kote pou moun ki bezwen sèvis sipò yo.
- 4.7 milyon dola pou Olympic Avenue Apartments nan vil Buffalo a. Pwojè a pral transfòme yon lekòl istorik vakan pou li vini 46 apatman abòdab.

Yon lis konplè finansman yo atribiye atravè tout eta a disponib [isit la](#).

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare, "20 nouvo devloman yo pral elaji aksè nan opòtinite pou lojman ki gen bon jan kalite, ki efikas nan enèji, ki abòdab epi fè avanse efò revitalizasyon yo nan katye yo nan tout Eta a. Envestisman ki koute 98 milyon dola nou an pral rebati plis pase 1,000 kay, gen ladan sa ki pou granmoun aje yo, veteran yo, granmoun ki gen bezwen espesyal yo, ak fanmi ki ap eksperimente pwoblèm sanzabri oswa enskirite pou lojman. Kòm nou ap soti anba pandemi an, nou konnen ke li pi enpòtan pase jamè pou nou kontinye kreye kominote ki an sante, ki ap pwospere ekonomikman ak enklizif epi, asire ke tout Nouyòkè yo genyen yon kote ki an sekirite yo rele lakay yo".

Manm Asanble Steven Cymbrowitz, ki se Prezidan Komite Lojman Asanble a te di, "Sibvansyon sa yo pral ede bay lojman an sekirite, ki abòdab epi ki gen sipò pou plizyè milye moun ak fanmi nan tout Eta a ki ap fè fas ak menas pwoblèm sanzabri ansanm ak sila yo ki tap benefisye nan sèvis sipò ak resous sou plas yo. Travay nou an pou kreye ak prezève lojman abòdab la ap kontinye, men cha chak inite nou bati vle di estabilite ak espwa pou yon lòt manm vital nan kominote nou an".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)